

Sitwayen yo Repond: Rekipl-rasyon Siklòn Idalia sou Pye

Siklòn Idalia te bay yon lesion enpòtan nan fen mwa Dawout la pandan li te frape rejon Big Bend nan Eta Florid la epi li te fè yon vwayaj atravè Nò Florid. Evènman katastwofik yo ka devlope rapidman, epi moun ki gen asirans yo bezwen aji byen vit pou pwoteje tèt yo, fanmi yo ak kay yo.

Kontrèman ak anpil siklòn ki fòme nan lès Atlantik la, Idalia te kòmanse vwayaj li nan dlo cho ant Kiba ak Penensil Yucatan Meksik la. Li te tonbe sou tè Florid li a le 30 Dawout kòm yon siklòn Kategori 3, entansifye nan yon depresyon twopikal sèlman twa jou anvan.

Apre plan ki byen etabli yo te prepare jou anvan siklòn Idalia te ateri, Sitwayen yo te voye ekip repons katastwòf sou teren an apre ofisyèl eta yo te detèmine li an sekirite. Ekip yo te rejwenn lòt konpayi asirans k ap patisipe nan Sant Peman Inisyal Asirans Depatman Sèvis Finans Florid yo te etabli etan Perry ak Fanning Springs.

“Vilaj asirans” sa yo te ofri moun ki gen kontra asirans ki te afekte yo yon kote pou yo fè reklamasyon yo, pou yo jwenn estati reklamasyon yo, pou yo resevwa lajan anplis pou depans pou viv epi rankontre ak reprezantan Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA), ajans leta yo ak lòt gwoup sipò yo.



Anplwaye Sitwayen (Citizens) k ap Sipòte Moun ki nan Bezwén yo

Anplis de sa, reprezantan sitwayen (Citizens') yo te disponib nan sit Depatman Komès Laflorid ki te etabli nan Horseshoe Beach ak Madison pou ede Floridien ki te afekte nan tanpèt la. Pou anplwaye sitwayen (Citizens) yo, deplwaman ijans yo bay yon opòtinite pou pwolonje sipò bay moun ki gen asirans nou yo lè yo gen plis bezwen.

Latrell Sandford, yon volontè sitwayen (Citizens) nan Perry, te di: “Mwen renmen fè fas a fas ak moun ki gen kontra asirans nou yo k ap rekipere li nan sanzatann yo. “Li kontan pou sèvi ak ede yo ak bezwen yo. Mwen apresye opòtinite pou fè yon enpak.”

Chak prentan, sitwayen (Citizens) rasable epi fòme yon gwoup volontè pou yo ale nan zòn ki afekte nan tanpèt yo epi pou yo bay sipò fas a fas. Pandan ane yo, ekip yo te deplwaye nan Sid Florid, Keys, Sidwès Florid ak Florida Panhandle pou rankontre kliyan ki kòmanse rekiperasyon yo.

Pandan ke domaj tanpèt an jeneral yo pa t menm move jan yo te prevwa sou wout Idalia atravè rejon Big Bend ki nan yon zòn riral yo, sekouris sitwayen

(Citizens) yo byen konnen ke chak tanpèt se yon katastwòf pou moun ki andire li.

"Li bon pou w fè pati yon bagay ki pi gwo, yon bagay ki pote espwa nan tan ki pi fè nwa yo," Alina Triana, volontè sitwayen (Citizens) te di. "Se yon opòtinite pou temwen lespri imen an ak detèminasyon de prè."

Leson ki te Aprann: Mennen yon gwo pwoblèm

Moun ki gen kontra asirans nan rejjyon Tampa Bay yo te epaye gwo van Idalia ki te lakòz domaj pi lwen nan nò men yo pa te epaye nan pèt katastwofik. Anpil moun ki gen kontra asirans te fè eksperyans domaj inondasyon akòz vag tanpèt ki te pwodui pandan Idalia t ap monte kòt Gòlf Florid la. Konte Pinellas ak Pasco te frape patikilyèman difisil pandan Idalia te monte Gòlf la epi voye l sou rivaj.

Sitwayen (Citizens) yo pa bay pwoteksyon kont inondasyon pou pwoteje kont vag tanpèt yo. Anjeneral, pwoteksyon sa a se swa nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la oswa yon konpayi asirans prive epi li pral vin obligatwa pou pifò moun ki gen asirans Citizens anvan 1ye janvye 2027. Epi Idalia te mete aksan sou ke pwoteksyon inondasyon kapab yon sovtaj finansye menm si ou pa abite nan yon zòn inondasyon deziyen.

Sezon siklòn nan poko fini. Anvan li fè sòti ofisyèl li 1ye desanm, revize politik ou. Si ou gen kesyon, kontakte ajan w la pou asire w gen tout resous pou w sòti anba yon tanpèt.

Rapòte yon Reklamasyon atravè myPolicy

Rapòte epi revize reklamasyon yo avèk myPolicy

Nouvo Règ pou Pwogram Depopilasyon Citizens lan



Mision Citizens se bay kouvèti asirans pou moun ki pa ka jwenn kouvèti yon lòt kote. Depi kreyasyon li an 2002, Citizens te wè kantite kontra asirans li yo monte desann selon kapasite konsomatè yo pou jwenn kouvèti asirans nan mache prive a.

Youn nan zouti Lejislati Florid la te kreye pou ede Citizens rete kòm dènye chwa asirans se Pwogram Depopilasyon Citizens lan, ki pèmèt konpayi asirans prive ki solid sou plan fiskal, ki apwouve nan Biwo Kontwòl Asirans yo, ofri kouvèti pou moun asire Citizens yo.

Anvan sa, pwogram depopilasyon an vin pi aktif amezi mache asirans pwopriyete a ap amelyore. Kòm rezulta dènye refòm lejislatif k'ap amelyore sante mache asirans Florid la, Citizens atann pou konpayi asirans prive yo ofri kouvèti pou plis moun asire Citizens yo.

Siy yon mache ki pi an sante deja vizib. Pa egzanp, yon gwoup konpayi asirans prive te mande pou yo asime jiska 184,000 politik Citizens nan mwa Oktòb. Kòm mache a ap kontinye amelyore, ou ka resevwa òf nan mwa kap vini yo nan men konpayi prive pou devni founisè asirans ou.

Akòz chanjman lejislatif yo ki te fèt an Desanm 2022, nenpòt kontra asirans yon konpayi asirans prive ofri yon kouvèti konparab pou li pou yon prim (pri) ki pa plis pase 20% anplis prim renouvèlman estime kontra asirans Citizens ki la deja a p'ap kalifeye pou renouvèlman. Kouvèti Citizens lan ap fini nan dat ekspirasyon kontra asirans ki anvigè aktyèlman an.

Kisa Mwen Dwe Fè?

Si kontra asirans yo ofri ou lan gen yon prim nan 20% prim renouvèlman estime Citizens lan, kouvèti asirans ou ap kòmanse otomatikman avèk nouvo konpayi asirans lan nan fen peryòd kontra asirans Citizens ou gen kounye a. Si ou resevwa plizyè òf ki satisfè kritè sa yo, enben w'ap gen pou ou seleksyon konpayi an ki ofri pi bon kouvèti ki adapte ak bezwen ou yo. Sa pral asire kontinyasyon kouvèti asirans ou san entèripsyon. Sepandan, si ou prefere jwenn kouvèti asirans nan yon lòt konpayi asirans, tanpri kontakte ajan ou pou ou jwenn èd.

Si prim yo ofri a plis pase 20% anplis prim estime pou renouvèlman Citizens lan, ou ka chwazi pou ou rete avèk Citizens. Pou fè sa, anrejistre chwa w' lan [sou Entènèt sou sitwèb Citizens](#) lan oswa kontakte ajan Citizens ou.

Èske Tarif Mwen yo Pral Monte?

Repons kout la se: pa nesesèman. Alòske òf ki pa plis pase 20% oswa pi wo ta fè w' pa kalifye pou Citizens, istwa resan yo montre prim yo gen dwa pa ogmante. Nan mwa jen ane sa a, plizyè milye kliyan Citizens ki te resevwa òf souskripsiyon te efektivman wè yo pwopoze yon prim pi ba pase prim Citizens ki egziste deja.

Kwake se yon konsidérasyon enpòtan, pri a se youn nan anpil faktè pou konsidere lè w'ap pran kouvèti asirans. Anpil kontra asirans konpayi prive yo, pa egzanp, bay kouvèti pi konplè epi yo evite evalyasyon ki koute chè. Pou aprann plis sou enpak evalyasyon yo ka genyen sou kontra asirans Citizens, tanpri vizite paj [Evalyasyon yo](#) sou sitwèb nou an. Epitou, asire w' ke ou repase [nouvo règ sou inondasyon yo](#) ki pral anfennkont afekte tout moun asire Citizens yo.

Menm jan ak tout desizyon asirans yo, pale avèk ajan asirans ou si ou resevwa yon òf. Yo okouran pwogram depopilasyon an epi yo nan pi bon pozisyon pou ede ou jwenn pi bon opsyon an.

Depoze, Jere Reklamasyon W' Sou Entènèt. Li fasil!



Depoze yon reklamasyon nan Citizens pa t' jamn fasil konsa. Zouti [myPolicy](#) Citizens lan pèmèt ou soumèt yon reklamasyon dirèkteman depi òdinatè ou oswa aparèy mobil ou pou remete w' byen vit sou wout rekiperasyon an.

Yon fwa ou anrejistre nan myPolicy, ou ka depoze yon nouvo reklamasyon oswa gade enfòmasyon sou yon reklamasyon ki la déjà 24è sou 24, 7 jou sou 7. Men sa w'ap bezwen pou ou kòmanse yon reklamasyon:

- Nimewo kontra asirans lan (li disponib sou ID moun asire ou, premye paj kontra asirans ou ak sou paj deklarasyon kontra asirans lan). Ou ka seleksyon kontra asirans ou nan meni monte-desann lan sou fòm pou soumèt reklamasyon an.
- Enfòmasyon pou kontak, ansanm ak nenpòt adrès ak/oswa nimewo telefòn tanporè
- Deskripsiyon dega yo (egzanp: yon pyebwa tonbe sou twati a, zeklè frape kay)

Yon fwa ou depoze reklamasyon ou la atravè myPolicy, w'ap resevwa yon imèl ki gen nimewo reklamasyon w epi enfòmasyon pou kontakte ajistè reklamasyon Citizens ou an. Ajistè Citizens ou an pral rele pou jwenn plis detay epi pran yon randevou pou enspeksyon ou la, si sa nesesè.

Ou gen nenpòt lòt kesyon? myPolicy gen zouti ou bezwen pou:

- Jwenn aksè a detay kontra asirans ou, kouvèti yo, enfòmasyon sou konstriksyon kay ak plis toujou.

- Gade ak telechaje dokiman kontra asirans ou yo (anwetan dokiman reklamasyon yo).
- Fè yon pèman, konfime yon pèman oswa verifye pwochen dat bòdwo ou dwe peye.
- Enskri pou livrezon dokiman san papye/ elektwonik (Moun asire Liy Pèsonèl yo sèlman).

Pou ede abitye tèt ou, gade [paj wèb myPolicy](#) an, ki kouvri tout karakteristik ak avantaj sit la. Apresa, videoyo [Apèsi sou myPolicy](#) a eksplike ou tout sa ou kapab fè nan myPolicy.

Èske w gen Lòt Dokiman Reklamasyon Anplis? Kontakte Nou.

Apre depo yon reklamasyon, lòt dokiman ak foto ka ede rezoud reklamasyon an pi vit. Byenke myPolicy pa ekipe aktyèlman pou okipe de enfòmasyon siplemantè sou reklamasyon yo, moun asire yo ka soumett enfòmasyon siplemantè pa mwayen elektwonik sou paj nou an [pou soumett dokiman reklamasyon](#) yo. Annik swiv esplikasyon yo pou soumett dokiman, foto ak korespondans anrapò ak reklamasyon w' lan.

Lòt Fason Pou Jwenn Nou

Byenke òdinatè oswa aparèy mobil ou gen dwa pi efikas pou jwenn pi fò nan sa ou bezwen yo, Citizens kontinye bay kontak moun-a-moun pou reponn kesyon oswa pou ede w' depoze yon reklamasyon si ou pa kapab fè atravè myPolicy.

Liy Asistans 24è sou 24, 7 jou 7 pou Reklamasyon / Sèvis Kliyan: 866.411.2742

Lè ou rele, yon reprezantan sèvis kliyan ap mande ou enfòmasyon sila yo:

- Nimewo kontra asirans ou
- Enfòmasyon kontak ou, ansanm ak nenpòt adres oswa nimewo telefòn tanporè kote yo ka jwenn ou si yo te deplase ou
- Deskripsyon dega yo

Rele menm si w manke kèk nan enfòmasyon sa yo. Citizens ap kapab ede ou.

Soud/Tande di

Sèvis Relè Telekomunikasyon Florid 24è sou 24,

7 jou 7

800.955.8771 (TYY)

800.955.8770 (Vwa)

Kidonk, kèlkeswa fason ou deside kontakte nou – anpasan pa òdinatè, smatfòn oswa liy fiks – nou la pou ede w'.

Maksimòm Sezon an Rive Sou Nou. Verifye Preparasyon W'!



Kounye a ke nou nan pi gwo sezon siklòn lan, pran yon minit pou w konsidere ogmante preparasyon ou pou tanpèt yo - estatistik plis chans rive nan mwa septanm ak oktòb.

Menm si sezon an te kòmanse 1ye Jen, prèske de-tyè nan tanpèt twopikal ak siklòn Atlantik yo te fòme anvan sa apre 1ye Septanm.

Kidonk, ou pa twò anreta pou w' amelyore jwèt ou. Pi ba gen kèk fason.

Vin yon Jwè Pisan. Achte yon Dèlko.

Envesti nan yon dèlko se youn nan meyè fason pou pwoteje kay ou ak fanmi ou. Pou fè preparasyon ou monte nan nivo siperyè a, mande tèt ou kisa ou vle kontinye fè fonksyone si gen pàn kouran:

A) Èkondisyone ou?

B) Frijidè ou?

C) Limyè ak televizyon ou?

D) Tout sa yo ki anwo a?

Si repons lan se "D", detèmine pisans chak atik. Apre sa, achte yon dèlko ki mache ak gaz ki ka limen tout atik sa yo epi fè yo fonksyone. Sinon, ajiste gwo sènse a selon bezwen ou yo.

Yon fwa ou achte yon dèlko, achte plizyè bidon 5-galon-gaa; achte kabiran youn oswa de jou anvan lè yo prevwa tanpèt la ap frape; epi tanpri toujou fè dèlko a fonksyone deyò nan yon zòn ki gen bon sikilasyon lè.

Fè yon Plonje Pi Fon nan Meteyo a

Ou vle tan pou ou prepare? Pou amelyore konpreyansyon ou sou previzyon tanpèt yo, vizite kèk sitwèb ki bay anpil enfòmasyon epi aprann meteyowoloji. Premye a se [National Hurricane Center a \(Sant Nasional Siklòn\)](#), kote yo pibliye previzyon ofisyèl pou tanpèt yo. Yon fwa yo afiche yon sistèm sou kat jeyografik la, klike sou li pou ou aprann plis – sa gen ladan chemen ki prevwa pou li.

Dezyèm lan se [Cyclocane](#), yon sit meteyo ki fonksyone yon fason endepandan. Nan pam i lòt bagay, Cyclocane pibliye "modèl espageti" – apeprè yon douzèn pwojeksyon tanpèt ki baze sou modèl endividiyèl nan lemonn antye. Sa ba ou yon vizyon pi laj ak pi lontèm sou kote yo prevwa yon tanpèt prale. Konsa, ou kapab prepare pi byen.

Finalman, pase kèk tan sou [Florida Storms](#). Anfèt, telechaje aplikasyon an. Kolektif 13 estasyon radyo publik ki ranpòte prim yo se pi bon kote pou enfòmasyon pou Florid presizeman, ki gen ladan previzyon ak enfòmasyon ki pi lokalize.

Metrize Konsèy sa yo Moun pa twò konnen

Anpil nan nou konnen pou nou estoke yon galon dlo potab pa jou pou chak moun lè yon tanpèt prêt pou rive. Men, èske w te konnen ou ka ranpli yon pisin timoun avèk dlo pou lave asyèt oswa pou bêt yo itilize pou bwè? Gen anpil ti bagay ou ka ajoute nan lis preparasyon ou la. E konsènan verifye batri monoksid kabòn ou anvan ou limen dèlko a? Oswa deplase mete machin ou nan yon garaj oswa anba kouvèti?

Epitou, foul tank gaz machin ou yo – se pa sèlman pou transpò, men dekwa pou ou ka sèvi ak yo tankou dèlko ki mache ak gaz pou chaje aparèy oswa rafrechi avèk èkondisyone yo. Epi lajan kach ka vin wa ankò

– menm si se sèlman pandan pàn kouran – kidonk fè retrè lajan nan yon ATM anvan yon tanpèt frape.

Gen plis fason pou fè plis efò toujou nan moman kriz. Pou jwenn konsèy anplis, vizite sitwèb [Lakwa Wouj Ameriken an](#).



Kisa Ou Dwe Pote nan yon Sant Entèvansyon Pou Katastwòf



ID ki gen Foto



Enfòmasyon kontra asirans

Nimewo kontra asirans
Adrès pwopriyete ki asire a



Enfòmasyon kontak aktyèl

Nimewo telefòn
Adrès imèl
Adrès postal



Enfòmasyon sou reklamasyon

Dat pèt la
Deskripsyon dega a
Foto oswa vidéo pwopriyete
ki andomaje



Enfòmasyon pèman

Kont labank
Nimewo woutaj



www.citizensfla.com/respond

myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak
eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365



Rele Citizens First nan

866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon
byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m.
ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòne](#)